



REPONS KESYON YO POZE SOUVAN

Non Dosye a: Pousantaj Ranbousman Asistans Finansye Swen Timoun nan Sant pou Ane Fiskal 2025

Nimewo Regleman an: CCFA-25-02

Dat li fèt: 3/5/2025

Dat l ap kòmanse aplike: 7/1/2024

1. Ki prensip kalkil pousantaj pou ane fiskal 2025 apswiv?

- Itilize yon metòd ki **baze sou pri** pou jwenn yon ajisteman yo te pote nan pousantaj èd finansye pou swen timoun yo. Kontinye **bay priyorite** ak **pousantaj** ed finansye pou swen timoun ki **pi wo pase pri swen yo**.
- Rekonèt **ogmantasyon pri yo** pou tout pwogram yo. Itilize yon pat nan fon pou ajisteman pri lavi a (COLA).
- **Distribye resous yo pwopòsyonèlman** kote timoun CCFA yo ap resevwa swen selon kalite pwogram.
- Rekonèt **diferans ki genyen ant** sipozisyon konpansasyon yo ki **baze sou sant** (ki baze sou salè ki la kounye a) **ak modèl pri FCC a** (ki baze plis sou salè ki pi wo).

2. Ki sa ki yon modèl pri ak poukisa yo te itilize yon metòd ki baze sou pri pou enfòmè tarif pou Ane Fiskal 2025?

Modèl pri yo evalye pri pou chak timoun pou fè pwogram swen pou timoun yo mache. Modèl pri yo byen gade diferan kalite pwogram, rejyon ak timoun ki konsène yo. Modèl pri yo ede pou fè konprann desizyon finansman ak regleman Eta a. Modèl yo ede pou fè konprann chanjman yo te fè nan pousantaj èd finansye pou swen timoun yo. EEC ap travay ak moun k ap fè rechèch yo pou kontinye amelyore modèl pri yo.

EEC te resevwa apwobasyon nan men Biwo Swen pou Timoun pou l ka itilize travay evalyasyon pri yo pou l ka fè konnen èd finansye pou timoun yo. Lontan, pousantaj

ranbousman yo te varye selon pri pwogram yo faktire yo pou swen yo (Kòb pou lekòl). Kounye a menm, chanjman yo te fè nan èd finansye pou swen timoun yo pral baze sou pri swen yo.

3. Ki dat ogmantasyon yo ap kòmanse aplike? Èske pral gen pèman retwoaktif?

EEC pral mete anplas ogmantasyon sou pousantaj ki baze sou sant yo nan mwa Mas 2025. Ogmantasyon yo retwoaktif depi 1ye Jiyè 2024. Pwogram yo pral resevwa ogmantasyon pou sèvis Jiyè 2024 rive Fevriye 2025 ak pèman Mas la.

Tanpri sonje: pwosesis faktirasyon, sa gen ladan l fè gwo liv yo ak apwobasyon fakti ki an atant yo, ka pi lan pase avan poutèt kalkil pèman retwoaktif yo. Tanpri prevwa yon delè anplis avan ou soumèt tikè HelpDesk yo. Nou apresye pasyans ak konpreyansyon EEC demontre pandan l ap aplike ogmantasyon sou pousantaj sa yo.

4. Ki sa ki te rive ak pousantaj yo ajoute yo?

Grasa aplikasyon kontra pou popilasyon priyorite yo 1ye Oktòb 2024 la, moun k ap fè kontra yo epi sistèm FCC ki te bay DCF, Fanmi sanzabri yo ak Plas kontra pou paran ki poko gen 24 an yo te bay yon kontra ranbousman sou pri sèvis sipò yo. Kontra sèvis sipò sa a ap ranplase ansyen pousantaj sou ranbousman sèvis sipò "add-on" la chak jou. Nouvo kontra Popilasyon Priyorite yo pèmèt moun ki bay Kontra yo ak Sistèm FCC yo planifye bidjè yo pou sèvis fanmi yo, modèl anplwaye yo, ak atant administratif yo pou reponn ak bezwen kontra yo.

Anplis de kontra ranbousman frè sèvis sipò yo, EEC te aplike tou kontra ranbousman frè administratif swen pou timoun nan fanmi an, kidonk yo retire pousantaj administratè sistèm FCC la nan pousantaj ranbousman an chak jou. Kontra ranbousman pri jesyon administratif sistèm FCC a pèmèt sistèm FCC a fè bidjè pou sèvis ki nesèsè yo, modèl anplwaye yo ak atant administratif kontra a.

5. Eske gen kèk egzijans konsènan fason pwogram yo dwe depanse ogmantasyon pousantaj yo?

Jan sa mande nan bidjè Eta a pou ane fiskal 2025 (atik 1596-2434) ak bidjè pou ane fiskal 2024 anplis la (3000-1142), founisè/edikatè yo dwe itilize lajan yo pou ogmante salè yo, benefis, ak alokasyon pou devlopman pwofesyonèl edikatè timoun piti yo.

6. Ki dokiman mwen bezwen pou montre kijan pou depanse finansman an?

Pwogram yo pral kenbe dokiman ki montre fon yo te resevwa nan ogmantasyon pousantaj pou Ane Fiskal 2025 la te distribye fason sa dwe fèt la, jis epi ekitab. Tout dokiman yo dwe detaye sa ki annapre yo:

- Kantite lajan chak anplwaye te resevwa pou salè, benefis, oswa alokasyon;
- Dat egzak nenpòt ogmantasyon salè, benefis oswa alokasyon;
- Rezon ki fè kantite lajan yo bay la; epi
- Dat yo te fè ogmantasyon, benefis oswa alokasyon an.

7. Èske pwogram yo bezwen fè ogmantasyon salè retwoaktif yo?

Dat egzak ogmantasyon pousantaj sa yo se 1ye jiyè 2024. Pwogram yo ta dwe pran pwòp desizyon yo sou fason yo egzekite ogmantasyon salè a, benefis oswa alokasyon lè yo itilize finansman sa a.

8. Èske pwogram ki aksepte asistans finansye pou swen timoun yo jwenn otorizasyon pou bay fakti ak fanmi ki peye an prive frè eskolè ki pi ba ak pri ranbousman èd finansye pou swen timoun yo?

Wi. Bidjè pou Ane Fiskal 2023 Gouvènè Healey a te gen ladann yon règ ki retire pwogram edikasyon ak swen timoun piti yo pou toutan nan lwa limitasyon pri Eta a. Lwa sa a te anpeche pwogram swen pou timoun yo bay frè eskolè, rabè, oswa bous detid pase pousantaj èd finansye swen pou timoun yo bay fanmi, pwofesè, ak anplwaye ki te peye an prive. Kounye a, pwogram swen yo pa oblije suiv lwa limitasyon pri Eta a ki te retire yo a ladan nan.

Si oumenm oswa anplwaye w gen kesyon sou règleman sa a oswa si w bezwen plis sipò, tanpri kontakte eeccsubsidymanagement@mass.gov.